

GEGURITAN

Wangsulana lan analisisen unsur geguritan ing ngandhap menika!

Pamulangan

Dening: Budhi Setyawan

Jare simbah aku kudu sekolah

Kareben dadi bocah genah mrenah ora nggladrah

Jare rama ibu aku kudu sregep mangkat

Kareben dadi wong pangkat urip ora kesrakat mlarat

Jare bapak ibu guru aku kudu sinau

Tambah ilmu

Kareben kelakon kabeh kang tinuju

Nanging prakanca....

Coba delengen kahanan nyata

Apa isih bisa pamulangan kang ana dadekake urip tumata

Pamulangan kang tanpa tuladha

Pamulangan kang kasatan piwulang

Pamulangan kang ngajarake angka-angka wuta

Siji lan siji ana pira?

Jare anut kang duwe kersa

Jan ora weruh subasita, trapsila, apa maneh tata krama

Lali dosa...

Kabeh lurung binarung kumalungkung

Pamrih pamuji siji

Pamulangan ora awèh pepadhang

Simbah,

Nyuwun pangapunten

Kula mboten kepingin dados dokter

Jalaran dhuwite bapak mboten wonten sakoper

Rama,

Nyadong duka

Kula mboten kapilut drajat pangkat

Jalaran ajrih sumpahing rakyat

Kelompok :

Nama :

Gladhen

1. Tegesana tembung-tembung ing ngisor iki!

a. Pamulangan =

b. Tuladha =

c. Ajrih =

2. Analisisen unsur kang mbangun geguritan “Pamulangan” kasebut!

Unsur Fisik:

Unsur Batin:

3. Sebutna amanat kang ana ing sajroning geguritan “Pamulangan”!

Wangsulan: